

# Ki jan pou Konfigire ak Pwoteje Kont ID.me w lan

ID.me

## Yon pwosesis senp e an sekirite

Ajans mendèv eta w la te an patenarya ak ID.me pou kreye yon pwosesis verifikasyon idantite ki trè sekirize ki asire w, epi sèlman ou menm, ap kapab jwenn aksè nan benefis chomaj ou yo.

Lè w suiv etap ki anba yo, ou pral kreye koneksyon ID.me w, sekirize kont ou, epi verifye idantite w. Yon fwa w fini, ou ka itilize tou plizyè santèn lòt sit entènèt ki ofri ID.me kòm yon opsyon pou konekte.



## Ki sa w ap bexwen



**Adrès Imèl**



**Nimewo Sekirite Sosyal**



**Pyès Idantite ak Foto (Lisans chofè, Eta ID, Paspò, oswa Paspò)**



**Telefòn mobil ak kamera**




**Laptop oswa òdinatè (Opsyonèl)**

# Konfigire kont ID.me w lan



Si w deja gen yon kont ID.me, chwazi Konekte nan ID.me pou w ka senpleman konekte, epi antre idantifyan koneksyon w yo. Sinon, swiv etap ki anba yo.

- 1** Pou kreye kont ID.me w, antre yon adrès imèl ou ka aksede epi chwazi yon modpas. Chwazi bwat la pou aksepte Tèm ak kondisyon ID.me ak règlema konfidansyalite yo. Apre sa a, chwazi **Kreye yon kont**.
- 2** Tcheke bwat resepsyon w lan pou w ka jwenn yon imèl ki soti nan ID.me. Klike sou bouton ki nan imèl la pou w konfime adrès imèl ou. Apre sa, retounen nan navigatè w la. Paj la ap deplase otomatikman pou pi devan nan pwochen etap la.




# Sekirize Kont ou

## Konfigire otantifikasyon milti-faktè a (MFA) pou rann kont ou a pi an sekirite



Otantifikasyon milti-faktè (MFA) a ranfòse sekirite kont lan, li oblije de (2) faktè pou verifye idantite w. Faktè sa yo anjeneral gen ladan yon bagay ou konnen (tankou yon non itilizatè ak modpas) plis yon bagay ou posede (tankou yon smartphone).


- 1** Chwazi yon opsyon MFA. Ou ka resevwa yon paskod atravè mesaj tèks oswa apèl nan telefòn. Ou ka chwazi tou youn nan lòt metòd ki nan lis la ki itilize yon app telefòn oswa "fob" kle fizik pou byen voye paskod la.
- 2** Si w chwazi voye paskod la nan telefòn, antre nimewo telefòn ou epi apresya tcheke mesaj tèks ou oswa reponn telefòn nan pou resevwa paskod sis chif yo voye ba ou a.
- 3** Retounen sou navigatè w la, antre paskod sis chif la epi chwazi Kontinye
- 4** Jenere ak konsève yon kòd rekiperasyon. Kòd rekiperasyon an pèmèt ou jwenn aksè nan kont ou an menm si w pa gen telefòn oswa aparèy ou te itilize pou konfigire MFA a.



# Verifye Idantite w


Konplete pwosesis sa a yon sèl fwa ap pèmèt ou tou jwenn aksè nan lòt sit ki ofri ID.me kòm yon opsyon pou konnekte


Pwouve idantite w senp tankou telechaje kat idantite gouvènman w lan epi se tankou lè wap pran yon videyo "selfie". Lè w verifye idantite w atravè ID.me, ajans pou chomaj eta w la asire ke oumenm, sèlman oumenm, kapab resevwa aksè a benefis chomaj ou yo. Nan etap sa a, yap raple w règleman pou kolekte done byometrik ID.me epi yo pral mande w pou bay konsantman w.



- 2 Swa ou **telechaje foto** ki deja ekziste nan òdinatè Desktop ou oswa ou **pran foto avèk aparèy mobil ou**. Si w chwazi pran foto ak telefòn ou, ID.me ap voye yon tèks ba ou ki gen yon lyen sekirize ki pral louvri kamera telefòn ou an.

- 1 Chwazi yon dokiman tape pou soumèt: Lisans chofè a, ID Eta a, Paspò, oswa Paspò an Kat.






- 3 Swiv enstriksyon yo sou kòman pou w pran foto ID w la. Pou yon lisans chofè ,kat idantite eta a, oswa kat paspò, sonje pran yon foto devan ak dèyè. Lè w ye satisfè ak foto ou pran yo, chwazi **Kontinye**.

- 4 Swiv enstriksyon yo pou w pran yon selfie. Itilize mòd pòtrè epi eseye pozisyon figi w nan sant kamera a epi pran yon bèl foto. Lè w fin satisfè ak foto a, chwazi **Kontinye** epi retounen nan navigatè w la.



- 5 Lè yo mande w, antre Nimewo Sekirite Sosyal ou (SSN).





# Konfime epi Otorize

## Ou preske rive!

Dènnye etap la se konfime enfòmasyon w yo epi otorize ID.me pou w ka pataje enfòmasyon verifikasyon idantite w yo an sekirite avèk ajans chomaj eta a. ID.me pap janm pataje enfòmasyon w san pèmision w.

- 1 Asire ke tout enfòmasyon w yo egzat e konplè. Si se sa, tcheke ti bwat la pou w ateste ke enfòmasyon yo egzat, epi chwazi **Kontinye**. Sinon, chwazi **Modifye** pou ka fè chanjman
- 2 Ou pral wè yon mesaj ki di ke idantite w la te verifye avèk siksès. Lè w chwazi **Pèmi e kontinye**, ID.me ap kapab voye enfòmasyon w yo bay ajans lan epi yo pral ba w aksès nan kont ou.



## OU PRESKE FINI

### Konplète verifikasyon idantite'w

Fok dokuman yo sipèvize nòmalman. Konekte ak yo Abit Konfyans ki an-trene e sètifye suo apel videyo.

Verifye idantite'w sou apel videyo

[oubyen reesye etap anvan yo](#)

Poukisa mwen wè sa?



## Si w Kole nan Mitan Wout?

ID.me angaje pou pa gen "Okenn idantite ki rete dèyè" pou pèmèt tout moun gen yon idantite dijital ki an sekirite. Si w bezwen èd nan pwosesis sa a, yo ka ba w opsyon pou w konekte ak yon Abit Konfyans atravè apèl videyo.

Si w gen plis kesyon, tanpri ale sou [help.id.me](#), chat avèk asistan vityèl nou an, oswa soumèt yon demann pou plis sipò.

Ekip Sipò pou Manm ID.me nou an disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 epi yap pale avèk ou pi vit ke posib.